

# Peman Revni Sekirite Siplemanntè



## Kisa SSI ye?

SSI vle di Revni Sekirite Siplemanntè. Se yon pwogram Sekirite Sosyal ap dirije. SSI fè peman chak mwa pou granmoun aje, pou moun avèg oswa moun malad/enfim ki gen ti revni ak byen oswa ki pa gen mwayen ditou. Timoun ak adilt yo tou ka resevwa peman depi yo avèg oswa enfim. Pou resevwa SSI, ou dwe granmoun aje, avèg, oswa malad/enfim:

- Granmoun aje vle di ou gen laj 65 lane oswa plis.
- Avèg vle di ou pa wè ditou oswa ou wè trè mal.
- Malad/Enfim vle di ou gen yon kondisyon fizik oswa mantal yo prevwa ki ka dire omwen yon lane oubyen ki ka lakòz ou mouri. Biwo lokal Sekirite Sosyal ou ka ba ou plis enfòmasyon sou règ maladi/enfimte yo pou adilt ak timoun.

Si ou resevwa SSI (Revni Sekirite Siplemanntè), anjeneral ou ka resevwa kupon pou manje (food stamps) ak Medicaid tou. Medicaid ede ou peye bòdwo doktè ak bòdwo lopital yo.

## Byen ou posede ak revni ou genyen

Pou resevwa SSI (Revni Sekirite Siplemanntè), byen ou posede ak revni ou genyen dwe pi ba yon sèten montan.

## Resous ou posede

Nou pa konte tout sa ou posede lè n ap deside si ou ka resevwa SSI. Pa egzanp, nou pa konte kay kote ou ap viv la ak kèk lòt byen pèsònèl ou. Anjeneral, nou pa konte oto ou. Men resous nou konte yo:

- Lajan kach;
- Kont labank; bon investisman, Kès Depo Ameriken;
- Byen imobilye (kay, teren);
- Asirans sou lavi ou; epi
- Byen pèsònèl.

Ou ka anmezi pou resevwa SSI (Revni Sekirite Siplemanntè) si resous ou posede yo pa depase:

- \$2,000 pou yon moun; ak
- \$3,000 pou yon koup (madanm/mari).

## Revni ou genyen

Revni se lajan ou genyen ki ap rantre tankou:

- Revni (salè, revni travay endepandan);
- Chèk Sekirite Sosyal;
- Pansyon;
- Peman konpansasyon travayè;
- Enterè, dividann, dwadotè, gen;
- Alokasyon chomaj; epi
- Kado (sètadi lajan kach).

Revni enkli tout atik ki pa lajan kach ou resevwa tankou manje, ak lojman. Ou ka gen kèk revni epi ou toujou ka resevwa SSI Revni Sekirite Siplemanntè.

## Lòt règleman ou ta dwe konnen

Anvan pou ou ka resevwa SSI (Revni Sekirite Siplemanntè) ou dwe viv Ozetazini oswa nan Zile Maryana-di-Nò (Northern Mariana Islands) epi ou dwe fè pati youn nan gwoup sa yo:

- Ou se yon sitwayen ameriken; oswa
- Ou fè pati youn nan kategori moun ki pa sitwayen ameriken men ki elijib.

Kontakte biwo lokal Sekirite Sosyal ou pou plis enfòmasyon sou règ elijiblite SSI pou moun ki pa sitwayen ameriken. Mande yon kopi publikasyon *Revni Sekirite Siplemanntè (SSI) Pou Moun Ki Pa Sitwayen Ameriken* (Publication No. 05-11051-HC).

## Kòman ou ka aplike pou SSI?

Rele nou nan nimewo **1-800-772-1213** pou pran yon randevou avèk yon reprezantan Sekirite Sosyal ki ap ede ou aplike oswa vizite biwo lokal Sekirite Sosyal ou. Paran oswa gadyen yo ka aplike pou timoun avèg ak timoun enfim ki poko gen laj 18 lane.

## Men Kisa pou ou pote

Ou ta dwe gen atik ki nan lis pi ba a anvan ou aplike. Menm si ou pa gen tout atik ki endike nan lis la, enskri kanmenm. Moun ki nan biwo Sekirite

Sosyal yo ka ede ou jwenn kèlkeswa sa ki nesesè a. Tanpri pote:

- Kat Sekirite Sosyal ou oswa yon dosye ki gen nimewo Sekirite Sosyal ou;
- Batistè ou oswa lòt dokiman ki pwouve laj ou;
- Enfòmasyon sou kay kote ou ap viv la, tankou prè ipotekè ou (mortgage) oswa lwaye ou ak non moun ki lwe kay ba ou a;
- Fòm taks ou oswa fòm W-2 yo; souch chèk peman ou, kanè bank, kontra asirans, anrejistreman oto, dosye depans entèman ak lòt enfòmasyon sou revni ou ak lòt byen ou posede;
- Si ou ap enskri pou benefis maladi/enfimite, nou bezwen non, adrès ak nimewo telefòn doktè, lopital ak klinik ki te wè ou; epi
- Prè ou se sitwayen ameriken oswa kondisyon ou kòm sitwayen etranje ki elijib.

Ou ta dwe pote tou kanè chèk ou oswa lòt papye ki montre kont labank ou, kont ou genyen nan koperativ oswa kont ou genyen nan lòt enstitisyon finansyè pou nou ka fè depo peman yo dirèkteman nan kont ou. Depo dirèk la pwoteje peman ou yo pou yo pa pèdi, pou yo pa volè yo, oswa pou evite reta lapòs. Lajan an toujou alè epi pare pou itilize san ou pa deplase pou ale labank. Se sèlman moun ki pa gen kont labank ki resevwa chèk papye.

## Yon ti mo sou benefis Sekirite Sosyal

Sekirite Sosyal peye tou benefis retrèt, benefis sivivan ak benefis maladi/enfimite pou moun ki travay lontan ase nan sistèm Sekirite Sosyal. Pou plis enfòmasyon sou benefis sa yo, mande piblikasyon yo, *Benefis Retrèt Ak Sivivan* (Piblikasyon No. 05-10700-HC) oswa *Benefis Pou Maladi/Enfimite* (Piblikasyon No. 05-10701-HC).

## Kontakte Sekirite Sosyal

Pou plis enfòmasyon epi pou jwenn kopi piblikasyon nou yo, vizite wèbsayt nou nan [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov) oswa rele gratis nan nimewo telefòn **1-800-772-1213** (pou moun ki pa tande oswa ki tande di, rele nan nimewo TTY nou a, **1-800-325-0778**). Nou ka reponn kesyon espesifik yo, nan lè 7 dimaten jiska 7 diswa, lendi pou vandredi. Nou bay enfòmasyon tou nan yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou.

Si ou bezwen yon entèprèt pou regle afè Sekirite Sosyal ou, nou ka fè ou jwenn youn gratis. Sèvis entèprèt yo disponib ni pou lè ou ap pale avèk nou nan telefòn, ni pou lè ou vini nan biwo Sekirite Sosyal. Rele nan nimewo telefòn gratis nou a **1-800-772-1213**. Si ou pa pale Angle, peze 1 epi rete sou liy lan pou jouk lè yon reprezantan reponn. N ap kontakte yon entèprèt pou ede ou. Si afè ou a pa ka fin regle nèt nan telefòn, n ap pran yon randevou pou ou nan yon biwo lokal Sekirite Sosyal, epi n ap fè aranjman pou yon entèprèt ki pale Kreyòl prezan nan moman vizit ou.

Nou trete tout apèl yo avèk konfidansyalite. Nou vle asire tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwole kèk apèl telefonik.